

## Check & Connect travay ak elèv pa mwayen sa yo:

- Mete yon relasyon pèsistan, ki pozitif, ki chita sou konfyans ant etidyan ak fanmi etidyan yo;
- **Tcheke** pou wè sitiyasyon ki kab mete yon elèv nan pozisyon pou l pa pase klas oubyen pou l kite lekòl, tankou absans depase mezi, pwoblèm konpòtman ak move nòt;
- **Konekte** avèk elèv, pou jwenn mwayen pou abòde pwoblèm konpòtman, ki montre elèv ki pa enterese, epi pou ede elèv rekonekte avèk lekòl ak travay academik;
- Montre elèv ladrès k ap fè yo bay pi bon rezulta lekòl, tankou ladrès pou rezoud pwoblèm, pou tabli objektif yo dwe atenn; epi
- Rann kolaborasyon ant lakay ak lekòl pi fasil pou asire elèv yo reyisi nan edikasyon yo.

## Pami enstitisyon an Florid ki sèvi ak pwogram Check & Connect nou jwenn:

- Central Florida Parent Center
- Family Network on Disability, Inc.
- Parent to Parent of Miami
- SPDG Management Project at Florida Gulf Coast University
- University of Minnesota's Institute on Community Integration



Florida's State Personnel Development Grant,  
Bureau of Exceptional Education,  
Florida Department of Education



Enfòmasyon ki nan dokiman sa a, yo te prepare yo an pati gras a yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken, #H323A120025. Men, enfòmasyon sa yo pa oblige reprezante politik Depatman Edikasyon Ameriken, ni tou ou pa ta dwe panse gouvènman federal la andose yo. Responsab pwojè, David Guardino.



Florida's State Personnel Development Grant

## Manadjè Pwojè "Check & Connect" an Florid

Non: Lael Engstrom, MSW

Telefòn: (727) 873-4369

Imel: [lengstrom@mail.usf.edu](mailto:lengstrom@mail.usf.edu)

## Ki sa Check & Connect ye?

Check & Connect se yon modèl entèvansyon ak sipò sistematik san rete ki la pou ankouraje patisipasyon elèv nan lekòl epi pou ankouraje yo enterese aprann.

Yo bay chak elèv ki patisipe nan pwogram Check & Connect yon konseye. Konseye Check & Connect yo chache tabli relasyon ki kapab dire alontèm ak elèv yo. Sa pral rekonekte elèv yo ak lekòl yo epi sa ap ede yo fè pwogrè akademik.

## Aspè kle pwogram Check & Connect la

- Li fè prevansyon:** Check & Connect plis chache siy ki montre elèv k ap dekonekte ak lekòl la epi li ofri entèvansyon ki dwe fèt a tan pou ede elèv rete okipe nan etid yo.
- Li ede elèv vin pi fò:** Check & Connect travay ak elèv pou yo ka vin gen nouvo ladrès tankou rezoud pwoblèm, tabli objektif pou yo atenn.
- Li bon e li kab adapte:** Check & Connect sèvi ak pwogram ki deja la, sevis, epi ak lot ressous ki deja nan kay la, nan lekòl la ak nan kominote a.
- Li pote èd sosyal:** Check & Connect kreye yon koneksyon alontèm ki chita sou konfyans ant lekòl, jèn moun ak fanmi.

- Li fèt pou chak elèv apa:** Check & Connect sèvi ak yon metòd ki sistematik e òganize, li santre sou bezwen chak gress elèv apa.

## Check & Connect an Florid

Plizyè lekòl nan tout Florid pral kòmanse sèvi ak Check & Connect nan ane lekòl 2013–14 la pou ede elèv segondè ki nan klas ESE reyisi lekòl.

Elèv ki patisipe nan pwogram nan ap resevwa sèvis Check & Connect pandan omwen 2 ane. Elèv ki patisipe nan Check & Connect ap rankontre avèk konseye yo chak semèn.

**Paran/responsab** ki gen elèv k ap patisipe nan Check & Connect va resevwa nouvo enfòmasyon regilyè nan men konseye pitit yo a. Nou ankouraje yo kontakte konseye a lè yo gen kesyon oubyen enkyetid ki gen rapò ak bagay pou kore travay ak reyisit pitit yo lekòl.

Lekòl ak distri k ap patisipe yo gen tan chwazi ekip pou jere jan y ap sèvi ak pwogram Check & Connect la epi yo resevwa fòmasyon ak èd teknik tanzantan nan yon pwojè ki rele State Personnel Development Grant (SPDG) ki chita nan USF-St Petersburg e ki gen Ms. Lael Engstrom, MSW alatèt li.

## Check & Connect anrasinen nan rechèch

Check & Connect se yon pwogram yo rekonèt nan tout peyi a ki bay bon rezulta. Pami tout pwogram entèvansyon ki genyen pou anpeche elèv kite lekòl anvan lè, biwo enfòmasyon Depatman Edikasyon Ameriken ki rele [What Works Clearinghouse](#) te egzaminen, Check & Connect se sèl pwogram yo jwenn bon jan prèv ki montre li gen enflyans sou valè elèv ki rete lekòl.

Se nan yon travay tèt ansanm ant yon enstiti nan Inivèsite Minesota ki rele Institute on Community Integration ak sistèm lekòl leta Minneapolis yo te parèt ak Check & Connect. Depi lè Check & Connect kòmanse an 1990, yo egzaminen pwogram nan epi yo sèvi avè l pou elèv nan klas kindègadenn rive nan klas douzyèm ane, ni pou elèv ki gen andikap ni pou elèv ki pa gen andikap, ni sa ki lekòl lavil ni sa ki lekòl tou pre lavil. Kounye a yo sèvi ak Check & Connect nan lekòl ak òganizasyon kominotè nan tout Etazini ak nan peyi etranje.

Pou plis enfòmasyon, kontakte manadjè pwojè Check & Connect Florid la oubyen ale sou sit [checkandconnect.umn.edu](http://checkandconnect.umn.edu)